

25 Septanb, 2024

Chè Paran/Responsab Legal,

Deziem semèn nan mwa oktòb la make pwèn matie pou pwemie tem lekol la. Ane sa a, nou pwograme konferans paran-pwofesè nan apremidi ak aswè nan dat **Jedi 24 oktòb** ak **Mekredi 30 oktòb** pou ou kapab rankontre avèk pwofesè yo pou tcheke sou pwogrè elèv ou.

Pou nou kapab resevwa tout kantite moun ki posib, ane sa a nou pral ofri de fòm difèran pou konferans nou yo:

- Konferans apremidi yo pwal gen yon fòm vityèl epi nou pwal òganize yo nan Google Meet (pou gade sesyon sa ou ka jis klike sou lenk sa: <https://bluehills.youcanbook.me>).
- Konferans aswè nou yo pwal nan yon fòm reyinyon tradisyonèl fas-a-fas. Enskripsyon davans pa obligatwa epi n ap òganize reyinyon yo sou baz moun ki vini anvan se moun n ap sèvi anvan pandan lè ki endike anba la yo.

Lè Konferans lan

(Tanpri sonje: lè konferans yo òganize dapwe nivo klas yo)

Klas 9yèm Ane ak 11yèm Ane

Jedi 24 Oktòb 2024

- **Ant 12:30PM ak 2:30PM:** Konferans vityèl nan Google Meet
- **Ant 6:00PM ak 8:00PM:** Konferans fas-a-fas. Enskripsyon davans pa nesesè.

Klas 10yèm Ane ak 12yèm Ane

mekredi 30 Oktòb 2024

- **Ant 12:30PM ak 2:30PM:** Konferans vityèl nan Google Meet
- **Ant 6:00PM ak 8:00PM:** Konferans fas-a-fas. Enskripsyon davans pa nesesè.
Pwofesè Akademik yo ap disponib pou tout 4 sesyon konferans yo.

* Pwofesè Ansèyman Pwofesyonèl yo pap la nan aswè Jedi 24 Oktòb la, men, y ap disponib nan apremidi 24 Oktòb la epi pandan tou lè de sesyon yo nan dat 30 Oktòb.

Si elèv ou nan Klas 9yèm Ane oswa 11yèm Ane epi ou ta renmen rankontre pwofesè ansèyman pwofesyonèl li, tanpri anvizaje youn nan shwa sa yo:

- Patisipe nan konferans Paran-Pwofesè pou klas 10yèm Ane ak 12yèm Ane nan a swe nan dat 30 Oktòb
- Rele oswa imèl pwofesè a pou pran yon randevou ant 12:30pm ak 2:30pm nan dat 24 Oktòb
- Rele oswa imèl pwofesè a pou pran yon randevou ant 12:30pm ak 2:30pm nan dat 30 Oktòb

Pandan Konferans Paran-Pwofesè, pwofesè yo ak konseye pedagogik yo pwal disponib pou rankontre avèk ou. Tanpri toujou sonje pwofesè yo ta renmen rankontre avèk tout paran ki konsène, pou tèt sa nou mande pou ou kenbe vizit endividyèl yo pou yon maksimòm senk minit. Si ou bezwen plis tan, tanpri pran yon randevou nan Depatman Oryantasyon an.

Nou ankouraje ou pou pran okazyon sa a pou rankontre avèk pwofesè nou yo. Si nou travay ansanm, n ap kapab bay pi bon edikasyon posib la pou tout elèv Blue Hills nou yo.

Sensèman,

Dr. Paul Bavuso
Direktè Akademik